



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D  
Office of the Superintendent



24 Jen 2020

Bonjou Kominote Lekòl Piblik Distri Orange,

Sante, sekirite, ak byennèt kominote lekòl nou an se pi gwo priyorite nou nan Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, fakilte ak anplwaye nan Lekòl Piblik Vil Orange lan. Mwen vle pran moman sa a pou'm remèsye tout moun ki gen enterè nan kominote a pandan moman sa yo. Kòm Sipèntandan Lekòl yo, mwen rete fèm nan devouman pou elèv yo, anplwaye yo, ak kominote a nan Vil Orange lan..

Kòmansè depi premye Jiyè 2019, eslogan lekòl distri nou an te vin deplase soti de "Bon a Ekselan." Eslogan sa a jis vle di, nou pral vin yon gwo enstitisyon edikatif. Soti nan Rankont ak Salitasyon Sipèntandan soti 22 Out 2019 la pou rive nan Fowòm Sipèntandan an 3 Septanm 2019, mwen te mete deyò yon plan pou yon nouvo kòmansman nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Nou ap deplase nan direksyon pou reyalize tout objektif nou yo. Pandan tout ane a, nou te revize objektif yo nan distri a ak enpòtans ki genyen nan sipò pou moun ki gen enterè nan kominote ak fidbak. Mwen pral ba ou yon egzanp sou sa ki deja reyalize nan domèn Kourikoulòm ak Enstriksyon pou kòmansè trajektwa sa a pou fè distri a vin genyen yon gwo pèfòmans.

Plizyè jou de sa, mwen te resevwa rapò New Jersey Quality Single Accountability Continuum (Kontinyasyon Responsablite Kalite Endividyèl New Jersey) (NJQSAC) a pou Ane Lekòl 2019-2020 an. Kite'm pran moman sa a pou'm pataje avèk ou sa NJQSAC a ye: New Jersey Quality Single Accountability Continuum (Kontinyasyon Responsablite Kalite Endividyèl New Jersey) (NJQSAC) a se sistèm siveyans ak evalyasyon pèsònèl Depatman Edikasyon an pou lekòl piblik distri yo. Sistèm nan montre ke siveyans ak evalyasyon ki konsanre soti nan konfòmite ak asistans, kapasite-bilding ak amelyorasyon. Li se yon sèl sistèm responsablite konpreansib ki konsolide ak enkòpore kondisyon siveyans nan lwa eta a ki aplikab, ak pwogram ansanm ak amelyorasyon obligatwa konplemantè nan nivo federal. Sistèm lan konsanre sou siveyans ak evalyasyon lekòl distri yo nan senk eleman kle ke, baze sou rechèch, yo te idantifye yo kòm faktè kle nan lekòl distri ki efikas. Konpozan sa yo se Enstriksyon & Pwogram, Fiskal, Gouvènans, Operasyon, ak Pèsònèl.

Mwen kontan pou'm anonse ke Lekòl Distri Orange te obteni yon nòt/eskò 83% nan domèn Kourikoulòm ak Enstriksyon. Nan Ane Lekòl Akademik (SY) 2018-2019 an ak jan yo te rapòte anvan nan Ane Lekòl Akademik (SY) 19-20 an nòt/eskò nou nan domèn Kourikoulòm ak Enstriksyon se te 74%. Pandan tout ane lekòl la, Direktè Kourikoulòm yo, Sipèvizè yo, pwofesè yo, ak mwen menm nou te angaje nan yon pwosesis revizyon nan tout kourikoulòm distri a. Nan domèn patikilyè rapò sa a, nou te resevwa yon nòt pafè 40 sou 40. Nou gen anpil pou nou selebre jan NJDOE te fè ekspè nan pedagogi yo te revize kourikoulòm nou an avèk yon bonjan zouti. Mwen kontan ke nou te depase 80% nan domèn kourikoulòm ak Enstriksyon. Sa a se yon gwo akonplisman. Deklarasyon ki vin an apre sa a yo voye'l nan yon lèt pa Depatman Edikasyon New Jersey a nan ofis Paula Bloom ki se Direktè Enterimè Biwo Divizyon Sèvis pou Pati Sèvis Kowòdinasyon an:

Mwen kontan pou'm enfòmè ou ke distri w la satisfè omwen 80% endikatè nan chak senk domèn yo nan pwosesis revizyon NJQSAC a li te deziyen kòm "gwo pèfòmans." Komisyone a pral rekòmande bay Konsèy Depatman Edikasyon Eta a pou distri w la sètifye pwiske li pwouve yon sistèm edikasyon apwofondi epi efikas, pou yon peryòd twa zan oswa jiska pwochen revizyon NJQSAC a. Felisitasyon sou akonplisman sa a.

Nan jou kite 17 Mas 2020 an, lekòl distri nou an te rantre nan plen aprantisaj vityèl. Eksperyans sa a se te youn ki pa te espere men pou sante ak sekirite tout anplwaye ak elèv yo li te sètènman nesèsè. Mwen vle pran opòtinite sa a pou remèsye paran nou yo ki te sèvi nan plizyè kapasite pandan pandemi an. Anplis de sa, anplwaye yo, mwen vle di ou mèsi tou. Nou te fè eksperyans yon koub aprantisaj a distans men kòm evidans atravè planifikasyon peryòd komen, nou chak nou te dedye pou nou te fè eksperyans nan ansèyman pou elèv yo te vin pi fò chak jou. Nou te lanse plan inisyal nou an 17 Mas panse ke nou ta ka retounen 30 Mas nan bilding nou yo. Kòm yon rezilta nan lòd Gouvènè a lekòl yo te dwe rete fèm jiska 20 Avril, nou te restriktire pla inisyal pou pou Ansèyman Lakay. Konsèy Depatman Edikasyon an ansanm ak Direktè Kourikoulòm yo te ban'm opòtinite pou prezante yon Plan Re-lansemman nan reyinyon regilye Konsèy Depatman Edikasyon nan mwa Avril la. Kòm yon

rezilta nan reyinyon sa a, chak lekòl te lanse sesyon enfòmasyon paran yo ki te fèt nan lang Angle, Panyòl, ak Kreyòl Ayisyen. Entansyon an se te pou asire ke tout fanmi yo konprann pratik nou yo atravè aktivite akademik kòm men jan ak swen pèsonèl-. Mwen kontan ke nou te gen anpil paran sou apèl vityèl nou yo. Kesyon kit e poze ak bonsans kominote a fè'm fyè.

Nan jou kit e 4 Me 2020 an, Gouvènè Murphy te bay konsèy pou tout bilding lekòl yo ta rete fèm jiska fen ane lekòl la. Akòz de sa, nou kontinye kòm yon distri reyinyon vityèl paran osi byen ke tcheke prezans avèk sipò estaf nou an. Nou kontinye mete ajou Plan Resous Mèt KOVID-19 pou fanmi yo kontinye gen sipò. Pou ajoute, nou jis mete ajou Plan Resous Mèt KOVID-19 la 19 Jen an ak kòm toujou se plan an ki chita andedan Tab Resous KOVID-19 la sou sit entènèt nou an. Pandan tout sezon ete a, nou pral kontinye mete ajou Plan Resous Mèt KOVID-19 la.

Pandan tout fèmti lekòl an ijans lan, nou te gen 13 kyòsk Chromebook ki te pèmèt elèv nou yo gen plizyè opòtinite pou resevwa yon Chromebook pou enstriksyon oswa depoze yon aparèy si te gen yon pwoblèm avèk li. Nou kontinye kyòsk Chromebook nou yo nan fen mwa Jen an kòm enstriksyon kontinye nan dènye jou a nan lekòl la. Mwen pral renmen anonse ke pandan ete a, kòm pwogram lekòl vityèl ete a ap kòmanse nan yon kesyon de jou, nou pral kontinye gen kyòsk Chromebook chak semèn pou bay sipò adisyonèl a elèv nou yo. Nou vle bay yo tout opòtinite pou elèv nou yo reyisi. Koulye a, ou ka mande sou entènèt / Wi-Fi kapasite, Comcast kouryèl mwen kèk jou de sa kòm mwen te mande you sipò adisyonèl chak semèn pou elèv nou yo pandan tout sezon ete a. Mwen kontan pou'm pataje Aspè Entènasyon yo atravè Comcast ap k'ap kontinye jiska 31 Desanm 2020. Si gen nesosite nenpòt sipò adisyonèl pandan sezon ete a konsènan koneksyon, tanpri imèl nan [distancelearningplanquestions@orange.k12.nj.us](mailto:distancelearningplanquestions@orange.k12.nj.us) pou nou ka ba ou sipò kontinyèl.

Pandan mwa Jen an, lekòl pou timoun piti nou yo ak lekòl primè nou yo te fè seremoni delpasman vityèl pou elèv nou yo nan klas katran jadendanfan, jadendanfan, ak sètèm ane. Mwen te pwomèt ou ke nou t'ap rekonèt elèv nou yo epi se sa ki te pase. Nou te vle fè elèv nou yo santi yo antye, ansanm ak tou anplwaye nou yo. Mwen konnen anplwaye yo manke elèv yo anpil pou pi bon fason ke yo gen gwo selebrasyon sa yo.

Nan jou ki te 18 Jen an, Administrasyon Orange High School (Lekòl Segondè Orange) te planifye yon kondwi nan prosèsion pou klas Senyò 2020 a. Ki sa ki yon bon fason yo selebre Senyò nou yo. Tout kominote a te soti an foul pou yo te rekonèt ak felisite senyò nou yo. Avèk pandemi an, nou te vle asire yo ke yo te gen yon memwa ki dire lontan ke nou espere k'ap viv nan yo pou anpil ane. Kòm yon rapèl, yo pral wè gradyasyon vityèl ap la sou Comcast Chèn 35 a 6:00 PM 25 Jen ansanm ak Chèn You Tube distri a. Tanpri itilize lyen sa a <https://youtu.be/Bhsh2uG-DJs> pou gade. Nou menm tou nou mete lyen ki sou sit entènèt distri nou an [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us) anba dènye nouvèl ak anons kòm byen ke sou pòp la ljan menm jan ou antre nan sit entènèt la. Epitou, mwen vle pwolonje konpliman pou klas Senyò 2020 a paske yo ranmase plis pase 18 milyon dola nan bous detid akademik!

Kòm nou te pataje anvan, nasyon nou an te sètènman nan yon tan trè difisil. Distri nou an bay opòtinite pou diskite sou diskou politik ak rasyal apre lanmò Broenna Taylor, Ahmad Arbery, ak pi resamman George Floyd. Kòm edikatè, li te enpòtan ke nou konprann kompleksite a nan reyalyte nou yo ak sa yo ki nan elèv nou yo. Li te enpòtan pou'n te anseye elèv nou yo istwa a dèyè idantite yo, lang dèyè kilti yo, ak jewografi a soti nan kote yo rive. Konvèsasyon ki te fèt ak pwofesè syans sosyal nan tout distri a pèmèt nou tankou yon distri pou bay aktivite ak konferans ki dwe kontinye pandan tout sezon ete a ak nan pwochen ane lekòl la. Mwen rekonesan pou fanmi nou yo pou konpreyansyon ke kòm yon distri nou te edike elèv nou yo sou klima aktyèl la nan nasyon nou an.

Mwen vle bay kèk dènye enfòmasyon ki gen rapò ak pwochen ane lekòl la. Anplis de sa, mwen vle di mèsi a Konsèy Depatman Edikasyon an pou konpreyansyon li de vizyon mwen an pou distri a ki baze sou sa kit e fèt deja pou deplase distri nou an soti de "Bon a Ekselan, Good to Great."

Mwen pral renmen anonse plan restriktirasyon distri a pou Ane Lekòl Akademik (SY) 20-21an:

- 1) Central School ap re-louvri kòm pwòp lekòl otònòm. Lekòl la pral resevwa Klas K-2 avèk pwòp direktis li.
- 2) STEM Innovation Academy of the Orange ap vin dezyèm lekòl segondè nou nan Orange. STEM p'ap konsidere kòm yon pwogram andeyò Orange High School.
- 3) Pwogram ELL Newcomers yo pral retounen nan Lekòl Oakwood, Rosa Parks, ak Lincoln Avenue yo. Bilding Newcomers ki sitiye nan 123 Cleveland Street pral vin yon Early Childhood Center (Sant Timoun Preskolè yo).
- 4) Rosa Parks Community School pral restriktire vin yon bilding Klas 3-7.

Mwen pral renmen anonse sa yo transfè administratif pou Ane Lekòl Akademik (SY) 20-21 an:

- 1) Ms. Denise White pral asime wòl direktis nan nouvo bilding Central School la ki pral bilding Klas K-2.

- 2) Dr. Joseph-Charles ap rete kòm direktis Rosa Parks Community School men konfigirasyon an pral chanje. Rosa Parks Community School ap resevwa Klas de 3yèm ak 7yèm ane, li p'ap resevwa pre-matènèl/preskolè jiska klas 7yèm ane ankò.
- 3) Dr. Erica Stewart pral asime wòl direktis lekòl nan Pwogram Twilight la ki loje deyò Orange High School la.
- 4) Mr. Dana Gaines pral asime wòl direktè nan Oakwood Avenue Community School.
- 5) Dr. Cayce Cummins pral asime wòl direktis nouvo lojman Early Childhood Center nou an pou Pre-Jadendanfan/Preskolè 3 ak 4.

Entèvyou pou Direktè/Direktis pou Orange Preparatory Academy ak STEM Innovation Academy of the Oranges yo pral fèt pandan ete sa a.

Mwen vle bay lye/lokasyon manje maten ak manje midi pou sezon ete 2020 an pral fèt. Nou ankouraje elèv yo nan tout vil la jan yo pataje pandan fènti lekòl an ijans lan pou patisipe nan pwogram sa a. Elèv yo ka ale nenpòt lekòl ki sou lis la. Sijasyon an se pou chwazi lekòl ki pi pre lakay ou pou asire sante ak sekirite timoun nou yo kontinye.

- 1) ORANGE EARLY CHILDHOOD CENTER
- 2) FOREST STREET ELEMENTARY
- 3) PARK AVENUE SCHOOL
- 4) ORANGE PREPARATORY ACADEMY
- 5) ROSA PARKS COMMUNITY SCHOOL
- 6) HEYWOOD AVENUE SCHOOL
- 7) LINCOLN AVENUE SCHOOL

Pwogram repa/manje ete a pral opere jan sa a nan lekòl ki site anwo yo:

1. **Dat operasyon yo:** 29 Jen 2020 - 20 Out 2020
2. **Jou Operasyon yo:** Lendi - Vandredi
3. **Lè pou vin Pran (Pickup) repa/manje a:** 7:30 pm - 1:00 pm

Kòm ou konnen, mwen pral kontinye kominike avèk ou pandan tout sezon ete a. Li enpòtan pou kenbe kominikasyon dirèk sa yo louvri. Mwen mande pou ou kontinye vizite sit entènèt nou an ansanm ak Facebook, Twitter, ak kont Instagram distri nou yo. Nou pral gen afichaj evidan tout ete a. Anfen, mwen vle ke toulede anplwaye yo ak fanmi yo dekonprese nan pran yon titan pou detant pwiske nou tout lite ansanm. Mèsi pou angajman kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Vil Orange lan. Mwen espere kontinye travay nou atravè Ane Lekòl Akademik (SY) 2020-2021 an.

Se Moun Pa'w la nan Edikasyon,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo